



## Dezenskripsyon/Asistans nan Itilizasyon Pèsònèl Dezenfektan pou Men pou Paran/Responsab

Chè Paran/Responsab,

Lèt sa a se pou founi enfòmasyon ki lye ak itilizasyon dezenfektan pou men ak lave men nan lekòl nou an. N ap ofri opòtinite pou lave men pi souvan ak savon ak dlo, epi ofri plis opòtinite pou aksede a dezenfektan pou men ki gen yon kontni ki omwen 60% etanòl oubyen 70% alkòl izopwopril, jan CDC rekòmande sa .

Nou konprann itilizasyon dezenfektan pou men ka prezante kèk pwoblèm pou pitit ou an.

Nan Kad Òdonans Ijans Ministè Edikasyon an (Department of Education's Emergency Order) konsènan Regleman [817 Medikaman ak Tretman](#), paran/responsab **pa oblije** ofri pèmisyon yo pou etidyan yo itilize dezenfektan pou men; sepandan, yon paran/responsab **ka endike** bay lekòl la yo pa vle etidyan yo an itilize dezenfektan pou men oubyen timoun yo an ka bezwen asistans nan itilizasyon pèsònèl.

Nan lekòl nou an, nou pral kontinye etabli yon kilti ijyèn men atravè:

- Woutin jounalye pou etidyan ak staf pou lave men, espesyalman nan moman kle tankou apre itilizasyon twalèt, anvan dejene, oubyen apre yo fin jwe deyò a.
- Ofri dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl (jan CDC rekòmande sa) pou pwofesè, staf, ak etidyan. Yo ka plase dezenfektan pou men yo toupre sifas yo touche souvan (pa ekzanp, pòt, ekipman ki pataje) ak zòn kote savon ak dlo pa fasilman disponib (pa ekzanp, kafeterya, sal klas, sal jimnaz).

---

### Pa Kapab Itilize Dezenfektan pou Men oubyen Asistans pou Itilizasyon Pèsònèl nan Lekòl:

Si pitit ou an **pa kapab itilize** dezenfektan pou men pou kèlkeswa rezon, tanpri ranpli pòsyon sa a nan fòmilè sa a epi y ap achemine l bay enfimyè lekòl etidyan ou an.

Etidyan mwen an, \_\_\_\_\_, pa kapab itilize dezenfektan pou men.

Si etidyan w lan **bezwen asistans nan itilize** dezenfektan pou men an kòrèkteman, tanpri ranpli pòsyon sa a nan fòmilè sa a epi y ap achemine l bay enfimyè lekòl etidyan ou an.

Etidyan mwen an, \_\_\_\_\_, ka bezwen asistans nan men staf lan pou itilizasyon pèsònèl dezenfektan pou men an.

Non Paran/Responsab (tanpri ekri an majiskil) \_\_\_\_\_

Siyati Paran/Responsab \_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_